

Application for Northport K-8 Summer 2019
St. Lucie Public Schools 21st Century Community Learning Center Program

Y-ap ofri pwogram sa-a bay pitit ou-a pou ede-l mentni eskil li nan matematik, lekti, ekriti ak syans. Pwogram ete-a pral gen ladan akademik, aktivite anrichisman ak lòt aktivite andeyò pwogram regilye yo. Akademik-yo pral konpoze de etyd sou kourikoulòm debaz-yo. Chak elèv pral patisipe nan toulède aktivite akademik ak aktivite andeyò pwogram regilye-yo.

Kan ete yo ap kòmanse nan dat 12 jen epi yo pral dire jiska jiyè 17. Sesyon pandan ete yo pral operasyonèl nan lendi jiska Jedi 7:30 AM jouk 12:30 PM.

Nou ap ofri lekòl ete a nan sit sa a:

Northport K-8
250 N.W. Floresta Drive
Port St. Lucie, FL. 34983
772.340.4700

Yo pral founi manje maten bay chak elèv osito ke yo rive ak manje midi anvan lekòl lage. Yo pral sèvi repa ki pa-p koute paran/elèv-yo anyen. Plas-yo nan pwogram nou-an limite epitou yo ofri nan baz de moun ki vini an premye sèvi an premye. Si kantite elèv ki aplike plis ke sa nou kapab akomode, non pitit ou-a pral plase nan yon lis rete tann.

Tanpri pote atansyon a règ-yo ki nan lis anba-a:

- **Yo pa-p founi transpòtasyon pou elèv-yo k-ap patisipe nan Pwogram Ete-a.** Si pitit ou-a ap mache vinn lakay, tanpri voye yon nòt ki endike sa.
- Si pitit ou-a siyen pou pwogram nan, prezans-li obligatwa pou tout kat semèn-yo. Elèv-yo dwe pote yon nòt ki sòti de paran-yo lè yo absan.
- Okenn elèv pa gen dwa kite lakou lekòl-la san yon notifikasyon alekri de paran-l pou koòdonatè-a. Paran-yo pral bezwen pou siyen elèv nan ofis-la pou sòti avèk li pi bonè.
- Elèv-yo mare avèk Kòd de Kondwit Elèv ki nan Lekòl Piblik-yo nan St Lucie pandan patisipasyon yo nan "21st CCLC". <http://stlucie.k12.fl.us/pdf/codeofconduct.pdf>
- Konpòtman endisiplin pral lakòz tèminasyon ou de pwogram nan -- **pa gen okenn eksepsyon.** Elèv-yo dwe respekte kamarad-yo, manm fakilte ak anplwaye.
- **Yo dwe vin chèche elèv yo vè 12:30 PM chak aprèmidi. Aprè twa (3) vin chèche anreta, yo pral tèmine-yo de pwogram nan.**

Tanpri ranpli lòt bò fòm sa-a konplètman epi fè pitit ou-a retounen-l nan ofis lekòl la.

Application for Northport K-8 Summer 2019
St. Lucie Public Schools 21st Century Community Learning Center Program

Asire ke aplikasyon sa-a ranpli konplètman anvan ou retounen-l. Si se pa sa, yo pa pral pran swen de li.

Non Elèv-la: _____ Dat Nesans li: _____

Lekòl li Anrole: _____ Grad: _____ #ID Elèv-la _____

Frè ak Sè ki nan Lekòl-la: _____

Elèv-la abite avèk: Manman _____ Papa _____ Toulède _____ Lòt Moun _____

Elèv-la ap Resevwa: Manje Gratis _____ Manje Pri Redui _____ Peye pou Manje _____

Elèv-la ap Resevwa Sèvis nan : Edikasyon Eksepsyonèl pou Elèv (ESE) _____ Anglè Kòm Dezyèm Langaj (ESOL) _____

Paran Ap Vin Chèche Elèv-la _____ Elèv-la Ap Mache Pou Ale Lakay _____

Adrès Lakay: _____

Telefòn Paran Lakay: _____ Mobil: _____ Nan Travay: _____

Non Moun Pou Kontakte Nan Ka Emèjensi: _____ Telefòn: _____

Kòmantè Espesyal Konsènan Medikaman oswa Pwoblèn Lasante : _____

Moun ki Otorize pou Vin Chèche Elèv-la: _____

Lekòl Piblik-yo nan St Lucie/Sant Kominotè D'aprantisaj "21st Century"

OTORIZASYON POU BAY ENFÒMASYON

Mwen dakò pou yo bay enfòmasyon sa-yo sou pitit mwen-an (Si mwen pa tcheke NON sa ka lakòz yo bay enfòmasyon sou pitit mwen-an):

- Wi** **Non** - Non pitit mwen-an, foto, vwa ak videyo bay la pwès pou rekonesans oswa rezon de nouvèl.
- Wi** **Non** - Non pitit mwen-an, foto, vwa ak videyo pou "websites" lekòl oswa distrik-la ki aksesib piblikman oswa pou difizyon.
- Wi** **Non** - Non pitit mwen-an, foto, vwa ak videyo pou "Websites" Depatman Edikasyon Eta Florida oswa 21st CCLC ki aksesib piblikman oswa pou difizyon .
- Wi** **Non** - Non, foto , ak kontak enfòmasyon pitit mwen-an pou fotogwaf nan liv souvni lekòl.
- Wi** **Non** - Enfòmasyon anyè pitit mwen-an (non ak grad elèv)

Non (Tanpri Prente) _____ Siyati _____ Dat ____/____/____

Si ou ta vle resevwa kominikasyon pa imèl, tanpri founi adrès imèl-ou: